**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 24 им.Бутаева К.С.**
**г. Владикавказ РСО - Алания**

| Рассмотрено на ШМО | Согласовано | «УТВЕРЖДАЮ» |
|---|---|---|
| Председатель МО | Зам.директора по УВР | Директор МБОУ СОШ №24 |
| Пр. № 1 от «01» 09 2022г. | «01» 09 2022г. | «01» 09 2022г. |
| / / К.К. Хубецова | / / Э.С. Алборова | / / Ф.Н. Кибизов |

# Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты методиугонды куысты пълан

**2022 – 2023 ахуыры азæн.**

**Пълан.**

**24- æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты методиугонды куысты пълан 2022 -2023-æм ахуыры азæн.**

Методиугонды куысты хъуамæ архайой скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ иууылдæр.

Методиугонды хæс у, иумæйагæй ахуырады, стæй ирон æвзаг, ирон литературæ æмæ традицон культурæ амоныны методикæйы цы ивддзинадтæ цæуы, уыдон скъолайы ахуыргæнджытæм хæццæ кæнын. Йæ сæйрагдæр хæстæй иу у скъолайы ирон æвзаджы, ирон литературæйы æмæ традицион культурæйы ахуыртæ раст уагыл аразын.

Методиугонды куыст арæзт цæуы ахæм фарстаты алыварс:

1. Куыстæн пълан аразын;
2. Педагогон кадртæн характеристикæ дæттын;
3. Æрыгон ахуыргæнджытимæ куыстæн фæтк кæнын;
4. Ахуыргæнджыты куыстмæ хъус дарын; хиуыл кусынмæ, семинарон ахуырты архайынмæ ахуыргæнджыты разæнгард кæнын;
5. Ахуыргæнджыты наукон-иртасæн куыстмæ хъус дарын;
6. Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты кæрæдзийы уроктæм цæуыныл,
9. Зæрдæргъæвд æмæ лæмæгъ скъоладзаутимæ куыстæн пълан аразын, куысты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын;
10. Скъоладзаутæ ирон æвзаг æмæ литературæ, традицион культурæ куыд ахуыр кæнынц, уымæ цæст дарын;
11. Фыццаг къласы ахуыргæнинæгтæ, иронау дзурынмæ куыд арæхсынц, уымæ гæсгæ къордтыл раст дихгонд куыд цæуой, ууыл архайын;
12. Ныйййарджытимæ кусын; ирон æвзæ æмæ литературæйæ цы мадзæлттæ арæзт цæуынц, уыдоны ныйййарджыты архайын кæнын;
13. Раппæлинаг фæлтæрддзинад парахат кæныныл архайын;
14. Йæ куыстмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, уыцы ахуыргæнджытæн уайдзæф кæнын, хорз кусын сæ домын;
15. Скъолайы сæргълæууæгæн хъусын кæнын, йæ куысты тыххæй арфæйы аккаг чи у, уыцы ахуыргæнджыты тыххæй.

Методиугонды куыст арæзт цæуы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ: уæлдæргæнæн институты рекомендацитæм гæсгæ, скъолайы куысты хицæндзинæдтæ хынцгæйæ йæм ивддзинæдтæ бахæсгæйæ.

**Методиугонды æрбадтыты фæтк.**

**1-æ æрбадт (майрæмы мæй)**

1. Ивгъуыд азы методиугонды куысты анализ. Æркæсинаг фарстатæ. 2020-2021 ахуыры азы методиугонды куысты пълан сфидар кæнын.
2. Фæлварæнты фæстиуджытæ ивгъуыд ахуыры азы. Æркæсинаг фарстатæ.
3. 2020-2021 ахуыры азы аттестаци чи ацыд æмæ Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты курсыты чи архайдта, уыцы ахуыргæнджыты сфæлдыстадон отчеттæ.
4. Ахуырадон фæрæзты (программæты æмæ ахуыргæнæн чингуыты) уавæр скъолайы, сæ бæрц ахуыргæнинæгты нымæцмæ гæсгæ.
5. Къæлиндарон-тематикон пълантæ æмæ фæсурокты куысты пълантæ сфидар кæнын.
6. Скъолайы æмæ районы (горæты) олимпиадæтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ. 2020-2021 ахуыры азы олимпиадæйы рекомендацитыл куыст.
7. «Ирон æвзаджы къуыри» скъолайы

**2-аг æрбадт (кæфты мæй).**

1. Олимпиадæмæ цæттæ кæныны фæрæзтæ.
2. Скъолайы ахуыргæнджыты архайд АКЗУ институты æмæ районы (горæты) методиугонды семинарон ахуырты.
3. Ног ахуырадон технологитæй пайда кæныны фæлтæрддзинадæй (гом уроктæ).

**3-аг æрбадт (Цыппурсы мæй)**

1. Зæрдæргъæвд сывæллæттимæ куыст ирон æвзаг æмæ литературæйæ.

2. Ног ахуырадон стандартты домæнтæ ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты.

3. Бацæттæ кæнын наукон-практикон конференци скъолайы наукон-методикон темæмæ гæсгæ.

4. Скъоладзауты ахуыры фæстиуджытыл æрдзурын.

**4-æм æрбадт (æртхъирæны мæй)**

1. Райдайæн кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæныны сæйрагдæр фарстатæ.

2. Уырыссаг къордты куысты методикæ.

3. Скъолайы «Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны» кадæн цы мадзæлттæ арæзт цæудзæн, ууыл æрныхас кæнын.

4. Фæлварæнтæм цæттæ кæныны фарстатæ.

**5-æм æрбадт (Зæрдæвæрæны мæй)**

1. æрыгон æмæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты сфæлдыстадон отчеттæ.

2. Фæсурокты архайды тыххæй информаци (Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон).

3. Уæлдæр къæпхæнмæ курдиат чи балæвæрдта, уыцы ахуыргæнджыты отчеттæ.

4. Скъолайы «Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны» кадæн цы мадзæлттæ арæзт æрцыд, уыдоныл æрдзурын.

5. Августы секцион ахуыртæм цæттæ кæнынылкуыст.